

Chè fanmi Rochester Prep,

Nou espere ou ak fanmi ou yo gen yon sezon ete agreyab epi san danje.

Kòm nou te pataje, Uncommon Ekip la ap itilize ete sa a pou koute manm nan kominote nou an epi aprann nan pèspektiv elèv nou yo, ansyen elèv yo, pwofesè yo ak ou, fanmi nou yo.

Dè milye de ou reponn a sondaj nou an sou retounen nan lekòl la. Dè santèn te deja pataje pèspektiv ou sou sa ou pi renmen sou lekòl nou yo ak sa ki ka menm pi bon, menm jan tou tout enskri pou patisipe nan ransanble ti gwoup nan semèn kap vini yo. Mès pou pran tan pou angaje sou sijè enpòtan sa yo. Nou ap koute ou et nou apresye onètete ou.

Fidbak ou a ap enfòmè plan nou yo pou pwochen ane lekòl la paske sekirite se premye priyorite nou. Nou kontan nou kapab ofri tou de opsyon sa yo: ibrid ak adistans-sèlman pou paran yo. Modèl ibrid la pral aplike mezi sekirite tankou mete mask ak pran tanperati. Modèl adistans-sèlman nou an pral pèmèt elèv yo toujou kapab aktivman angaje yo nan aprantisaj yo.

Nou gade pou pi devan nan semèn kap vini yo nou kapab pataje plis enfòmasyon sou apwòch ibrid ak adistans-sèlman nou yo pou ane lekòl la k ap vini a. Antretan, nou di ou mès. Ansanm, nou ap fè Uncommon pi fò epi plis efikas.

Dènnye nouvel sou reouvri lekòl yo

Ouvèti lekòl la:

Nou te pase dènnye mwa yo na planifikasyon pou retounen nou nan lekòl la, e nou kontan anpil pou pataje avèk ou plan nou yo pou fason nou pral louvri lekòl nou yo ak yon konsantrasyon renouvle sou sante ak sekirite. Pandan ke nou ap chèche pou wè pitit ou an pèsòn byento, nou vle pataje ke **premye de semèn yo nan lekòl (31 out - 11 septanm) pral pran plas konplètman adistans**. N ap mete ajou fanmi yo osi lè desizyon eta a ak desizyon lokal yo fet osijè reouvri an pèsòn nan oswa apre 14 septanm.

Enstriksyon Opsyon Adistans-Sèlman:

Nou konnen ke menm lè lekòl ap reouvri an pèsòn, gen kèk fanmi ka vle konsidere kenbe pitit yo nan kay akòz pwoblèm sante elèv yo oswa fanmi an. **Fanmi yo ka mande pou enskri timoun yo na opsyon enstriksyon adistans-sèlman**, paske nou pran angajman pou bay tout elèv aksè nan aprantisaj menm lè yo pa kapab prezan fizikman nan bilding lekòl la. Si ou ta renmen enskri elèv ou a pou enstriksyon adistans-sèlman pou premye trimès nan ane a (8/31-10/30), tanpri ranpli fòm lan lye isit la juska Vandredi Out 7, epi yon manm nan lekòl la pral kontakte ou pou reponn kesyon ou epi konplete inscription ou. Nan kòmansman mwa Oktòb, nou pral kontakte ou ankò pou diskute opsyon kontinye patisipe nan aprantisaj adistans pou dezyèm sezon an nan ane lekòl la.

Sante ak Sekirite:

Baze sou opinyon ou bay nan sondaj sou fanmi yo ak konsèy leta ak lokal yo, nou planifye pou aplike mezi sante ak sekirite sa yo lè n ap relouvri an pèsòn:

- Tout elèv ak anplwaye yo pral oblije mete yon mask
- Dezenfektan pou men yo pral nan tout antre, espas komen, ak deyò salklas yo
- Elèv yo pral depanse pi gwo pati nan jounen yo avèk yon ti gwoup nan sal klas yo
- Elèv yo ak anplwaye yo ap kenbe distans sosyal pandan tout jounen lekòl la, menm nan salklas yo

- Chak lekòl ap dezenfekte chak swa, epi n ap dezenfekte sifas ki manyen souvan yo pandan jounen lekòl la

Si ou pa te gen chans gade videyo nou an sou retounen nan lekòl nou yo ak plan nou yo pou sante ak sekirite lè nou an pèsòn, tanpri, fè li! Tanpri tou asire w ke ou bookmark paj wèb [Uncommon Family web page](#) la, ke nou mete ajou regilyèman.

Modèl Aprantisaj la & Egzanp Orè yo:

Lè nou reouvri nan moun, <lekòl primè ak presegondè> pral nan yon modèl ibrid kote elèv yo vini lekòl 1-3 jou pa semèn, epi aprann adistans lòt jou yo. <9yèm ane elèv yo pral kapab vini lekòl 5 jou pa semèn lè nou reouvri.> Yon brèf egzanp de sa aprantisaj pral sanble tankou lè nou kòmanse adistans, osi byen ke echantiyon orè nan modèl hybrid la ki disponib isit la ak sou paj entènèt [Uncommon Family web page](#).

One-to-one Chromebooks:

Kòm ou ka wè nan videyo retounen nan lekòl la [return to school video](#), nou kontan anpil pou pataje ke Lekòl Uncommon yo ap planifye pou bay chak elèv pwòp Chromebook yo. Bay demann lan pou teknoloji pandan aprantisaj adistans la toupatou nan peyi a ak angajman nou pou bay aparèy kalite siperyè, Chromebooks ap rive nan kèk pwèn pita nan sezon otòn la. Nou pral kòmanse ane a ak platfòm sou entènèt ak teknoloji ki pral travay avèk nenpòt ki aparèy, jan nou te fè nan sezon prentan an. Lidè lekòl yo pral travay pou ranpli, pi byen ke posibilite, nenpòt twou vid ki genyen nan aparèy pou elèv ki pa gen aksè a yon aparèy ki gen wifi (òdinatè pòtab, tablèt, ak telefòn). Si ou se yon elèv kap retounen, tanpri ranpli sondaj re-enskripsyon la ki endike ou pa gen aksè nan yon aparèy ki pèmèt wifi. Plis detay yo pral kominike sou delè yo, distribisyon yo, pi bon pratik yo, ak sipò pou tou de, kòmansman ane a, ak pita nan otòn sa a.

Rapèl Plan Aksyon DEI: Sondaj pou Fanmi yo

Semèn pase a, nou pataje de opòtinite pou ou bay nou panse ou ak fidbak ou. Mèsi pou tout moun ki deja konplete sondaj la ak/ou te siyen pou yon fanmi huddle. Done sa a pral enfòmè dirèkteman sa nou kontinye fè ak chanje pou ane lekòl la k ap vini an. Nou planifye pou nou kontakte ankò ak plan pou lavni environ 15 out la. Si ou pa deja fè sa, tanpri:

- **Ranpli sondaj kout, anonim sa a ([brief, anonymous survey](#)) sou eksperyans pitit ou a/timoun ou yo nan Uncommon Schools pa jodi a, 31 jiyè.** Si ou gen plizyè timoun nan lekòl nou yo, santi yo lib pou ranpli sa a yon fwa an total oswa yon fwa pou chak timoun, depann si remake ou a se menm oswa diferan pou chak timoun. Tanpri sonje sa a se yon sondaj diferan ke sila ou te resevwa nan lekòl pitit ou a, ki pral itilize pou planifye pou relouvri ak mete ajou dosye nou yo ak nenpòt ki nouvo enfòmasyon kontak.

Resous

Corner Byennèt - Kwit Manje ak Timoun yo

[Cooking with Kids](#) – Ete se yon bon moman pou aprann yon nouvo plezi! Se konsa, olye pou ou achte dine sou wout la kay ou oswa pran you manje nan frizè et mete'l nan mikwo ond lan oswa fou, konsidere rasanble tout fanmi la pou ede fè dine omwen yon fwa pou chak semèn. Ou pral gen tan de kalite ak fanmi ou pou nou pale ak ri pandan y ap devlope satisfaksyon pou yon repa ki byen fèt, epi ou kapab kòmanse konsa yon tradisyon fanmi ke tout ap vin chonje lontan.

Rapèl Resansman2020:

Sa a se rapèl regilye ou pou di ou ke resansman 2020 ap pase kounye a! Anpil resous ke kominote nou yo konte sou yo, ki gen ladan finansman edikasyon, yo detèmine pa resansman sa a. Li enpòtan pou tout moun konte nan Rochester ak New York. Kominote ki konte de mwens pa jwenn resous yo merite. Sipòte kominote nou an nan ranpli resansman jodi a, epi tanpri ankouraje fanmi ou ak vwazen nou yo fè menm bagay la. Klike la a pou ranpli resansman ou et #getcounted [Click here to fill out your census](#) and #getcounted.

Vin yon Family Champion!

Family Champions yo sipòte lekòl yo ak kominote a lè yo pataje eksperyans yo epi pase pawòl la pou nouvo fanmi ki enterese rantre nan Uncommon. Nou òganize bank telefòn, sondaj pòt a pòt, ak kanpay medya sosyal pou ede nouvo fanmi yo aprann plis sou Uncommon. [Enskri isit la pou aprann plis!](#)

Ede nou pase pawòl la sou Uncommon nan, ankouraje vwazen ou yo, zanmi ou, ak kominote a enskri ([enroll](#)) jodi a!